



Yon avi enpòtan sou vaksen pitit ou manke

Non timoun lan :	ID lekòl la:	
Lekòl:	Nivo klas/Salklas:	Dat:
Telefòn lekòl la		

Chè Paran/ Chè Gadyen:

Aprè yon evalyasyon nou fèk fè nan dosye sante pitit ou a, nou remake pitit ou a manke nan vaksen yo egzijè pou rantrè lekòl yo. Dapre Lwa Sante Piblik, seksyon 2164, yo pa pèmèt pitit ou a retounen lekòl apre ____/____/____, sofsi ou ka bay dokiman ki montre li te pran vaksen sa yo:

Vaksen	Dòz yo egzijè	Remak
DTaP (<i>diphtheria-tetanus-acellular pertussis</i>)/DTP (<i>diphtheria-tetanus-pertussis</i>)/Td (<i>tetanus-diphtheria</i>) OSWA Tdap (<i>tetanus-diphtheria-acellular pertussis</i>)	1ye, 2yèm, 3yèm, 4yèm dòz	Tdap: Pou tout timoun ki fèt nan dat 1ye janvye 1994 oswa apre epi k ap rantrè nan klas 6yèm, 7yèm, 8yèm, 9yèm oswa 10yèm ane
IPV/OPV (<i>Polio</i>)	1ye, 2yèm, 3yèm dòz	
Hib (<i>Haemophilus influenzae</i> tip b)	1ye dòz	Hib: Yon dòz nan laj 15 mwa oswa apre.
MMR (Woujòl, Malmouton, Saranpyon)	1ye, 2yèm dòz	MMR: Yon dòz nan dat ki fè timoun lan yon lane oswa apre AK yon dezyèm dòz ki gen vaksen woujòl(MMR pi bon) ke yo bay sou 28 jou premye dòz la oswa plis OSWA prè egzamen san ki di li ansante
Hep B (<i>Hepatitis B</i>)	1ye, 2yèm, 3yèm dòz	Twa dòz Hep B OSWA prè egzamen san oswa enfeksyon kwonik
<i>Varicella</i> (chickenpox)	1ye dòz	Varisèl: Pou tout timoun jiska klas 12yèm ane, ki fèt 1ye janvye 1994 oswa apre, yon dòz nan dat ki fè yo yon lane oswa apre. Menm si se yon sèl dòz yo egzijè, yo rekòmande pou tout timoun resevwa de dòz vaksen varisèl separe sou 28 jou omwen OSWA prè egzamen san OSWA prè doktè bay sou maladi a

Si w panse pitit ou a deja resevwa vaksen sa yo, pote dosye orijinal la ba enfimyè nan lekòl la oswa ba direktè a. Tanpri w ap jwenn nan anvlòp la yon kopi orè vaksen yo egzijè nan lekòl pou ane 2011-2012 . Pou ka jwenn enfòmasyon sou kote pitit ou a ka pran vaksen, rele **311**.

(Non/Siyati Direktè a)

Kopi pou : Dosye elèv la
Pwofesè pou kontwòl prezans